

PASINAON CARIYOS WAYANG

(Studi Kasus ing Kelas V SDN Sodong 01, Kecamatan Wonotunggal,

Kabupaten Batang, Semester 2 Taun Piwulangan 2012/2013)

TESIS

Kangge Anjangkepi Saperangan Anggayuh Drajat Magister

Program Studi Magister Pendidikan Bahasa



Kaanggit dening

Suwarman

NIM 12PSCO1432

PROGRAM PASCASARJANA

UNIVERSITAS WIDYA DHARMA KLATEN

2016

PASARUJUKAN

PASINAON CARIYOS WAYANG

**(Studi Kasus ing Kelas V SDN Sodong 01, Kecamatan Wonotunggal,
Kabupaten Batang, Semester 2 Taun Piwulangan 2012/2013)**

Dening

Suwarman

NIM 12PSCO1432


Sampun Pikantuk Pasarujukan dening Pamong

Tapak Asma

Tanggal

Pamong 1


Dr. Sudaryanto
NIK. 691 2002 258



15/11/16

Pamong 2

Dr. Agus Yuliantoro, M.Hum
NIP. 19591004 198603 1 002



15/11/16

Kauningan



Dr. DB. Putut Setiyadi, M. Hum
NIP. 19600412 198901 1 001

PANGESAHAN

PASINAON CARIYOS WAYANG





**(Studi Kasus ing Kelas V SDN Sodong 01, Kecamatan Wonotunggal,
Kabupaten Batang, Semester 2 Taun Piwulangan 2012/2013)**

Dipunanggit dening

Suwarman

NIM 12PSCO1432

Sampun dipunsarujuki lan dipunsahaken dening Tim Penguji:

Jabatan	Nama	Tapak Asma	Tanggal
Pangarsa	Dr. D.B. Putut Setiyadi, M.Hum NIP. 19600412 198901 1001	
Panitra	Dr. Hersulastuti, M.Hum NIP. 19650421 198703 2 002	
Panguji I	Dr. Sudaryanto NIK. 691 2002 258		23/17
Panguji II	Dr. Agus Yuliantoro, M.Hum NIP. 19591004 198603 1 002	


Kauningan,



Direktur Program Pascasarjana

Prof. Dr. Herman J. Waluyo, M.Pd
NIK. 690 115 345

Ketua Program Studi


Dr. D.B. Putut Setiyadi, M.Hum
NIP. 19600412 198901 1001

PRATELA

Ingkang tapak asma ing ngadhap punika, kula

Nama : Suwarman
NIM : 12PSCO1432
Jurusan/Program Studi : Magister Pendidikan Bahasa
Program : Pascasarjana

mratelakaken kanthi sayektosipun bilih tesis ingkang irah-irahanipun:

“PASINAON CARIYOS WAYANG (Studi Kasus ing Kelas V SDN Sodong 01, Kecamatan Wonotunggal, Kabupaten Batang, Semester 2 Taun Piwulangan 2012/2013)”

menika seratan kula piyambak. Prakawis ingkang sanes asiling karya kula ing salebeting tesis punika dipunsukani tandha sitasi lan dipuntedahaken ing salebeting kapustakan.

Mbok bilih ing mangkenipun kabukten bilih pratela kula menika mboten leres, kula sagah nampi sanksi akademik inggih punika batalipun gelar Magister Pendidikan saking Universitas Widya Dharma Klaten.

Klaten, 19 November 2016

Ingkang damel pratela,



Suwarman

MOTTO

1. Suradira jayaningrat lebur dening pangastuti.
2. Sepi ing pamrih rame ing gawe.
3. Sapa tekun bakal tekan kanthi teteken tatananing agami

PISUNGSUNG

1. Ibu kula ingkang sampun nglairaken lan paring sih katresnan dhateng kula ingkang boten saged dipungantos kaliyan punapa kemawon, mugi tansah pinaringan kekiyatan lair lan batin.
2. Simah lan Putri kula ingkang tansah asung pambyantu arupi materiil lan moril.
3. Kulawarga ageng SD Negeri Sodong 01 ingkang sampun paring semangat, motivasi, lan donga pamujinipun..
4. Rencang-rencang ingkang kula tresnani tansah tuhu setya saiyeg saeka praya nyengkuyung purnaning panyeratan tesis

ATUR PANGLANTAR

Pamuji syukur, kanthi pambudidaya, lan tekun, sarta panjangkungipun Allah SWT, panulis saged ngrampungaken ayahan nyerat tesis kanthi wilujeng. Panyengkuyungipun kulawarga sarta para kadang saestu handayani sarta nuwuhaken greget. Pramila saking punika, agunging panuwun tanpa winates katur dhumateng para Bapa saha Ibu ingkang mahanani tesis punika saged kaserat miwah rinampungaken kanthi prayogi

1. Prof. Dr. Triyono, M.Pd, Rektor Universitas Widya Dharma Klaten ingkang nyukani kalodhangan nyerat kangge ngrampungaken pendidikan ing Program Pascasarjana, Universitas Widya Dharma Klaten.
2. Prof. Dr. Herman J. Waluyo, M.Pd, Direktur Program Pascasarjana, Universitas Widya Dharma Klaten ingkang sampun paring kalodhangan kangge ngrampungaken pendidikan ing Program Pascasarjana, Universitas Widya Dharma Klaten.
3. Dr. D.B. Putut Setiyadi, M.Hum, Ketua Program Studi Magister Pendidikan Bahasa ingkang sampun maringi kalodhangan tumrap kula kangge ngawontenaken panaliten ing Program Pascasarjana Universitas Widya Dharma Klaten.
4. Dr. Sudaryanto, Dosen Pamong I ingkang sampun kanthi sabar ngarahaken, naliti tesis punika, lan nyukani konsep-konsep pamikiran kangge nyerat tesis.
5. Dr. Agus Yuliantoro, M. Hum, Dosen Pamong II ingkang sampun kanthi sabar lan taliti kepareng paring panuntun.

6. Rama tuwin Ibu, semah kinasih lan putra kula, sedaya kaluwarga ingkang sampun nyukani semangat, doa sarta mbiyantu ing sedayanipun saengga tesis dados.

7. Kaluwarga SD Negeri Sodong 01, Wonotunggal, Batang ingkang sampun nyukani iguh partikelipun dhumateng panyerat saking kawiwitan panaliten dumugi tesis punika dados.

8. Sedaya kadang mahasiswa Program Pascasarjana, sarta sedaya staf administrasi, kapustakaan ingkang sampun paring pambyantu nyerat saking kawiwitan mlebet kuliah ngantos tesis punika dados.

Atur panuwun ugi katur dhumateng sadaya sanak kadang, mitra patepangan, saha kaluwarga, sumrambah dhumateng sedaya kemawon ingkang kanthi kalenggahan sarta cakrikipun piyambak-piyambak sampun kepareng nyengkuyung salebetipun nyampurnakaken tesis punika.

Klaten, 2016

Panyerat

DHAPTAR ISI

PASARUJUKAN	ii
PANGESAHAN	iii
PRATELA	iv
MOTTO	v
PISUNGSUNG	vi
ATUR PANGLANTAR.....	vii
DHAPTAR ISI.....	ix
DHAPTAR GAMBAR	xi
DHAPTAR LAMPIRAN	xii
SARIPATHI.....	xiii
<i>ABSTRAK</i>	xiv
<i>ABSTRACT</i>	xv
BAB I. PURWAKA	1
A. Lelarahaning Prakawis	1
B. Idhentukasining Prakawis	7
C. Wewatesaning Prakawis	8
D. Rumusaning Prakawis.....	9
E. Ancasing Panaliten	9
F. Mumpangating Panaliten	10
BAB II. LAMBARAN TEORI, PANALITEN INKGANG GAYUT, LAN RAGANGANING PAMIKIR	11
A. Lambaran Teori	11
B. Panaliten Inkgang Gayut	27

C. Raganganing Pamikir	28
BAB III. METHODHOLOGI PANALITEN	30
A. Papan lan Wekdal Panaliten	30
B. Wujud lan Strategining Panaliten	31
C. Objek Panaliten	33
D. Dhata lan Sumbering Dhata	33
E. Teknik Ngempalaken Dhata	35
F. Validitas Dhata.....	42
G. Teknik Analisis Dhata.....	44
BAB IV. ASILING PANALITEN LAN PANGREMBAGIPUN	47
A. Dhata ingkang kapanggihaken	47
1. Caranipun Pikantuk Idhentitas Dhata.....	47
2. Pratelan Idhentitas Dhata.....	48
3. Caranipun Pikantuk Unit Dhata Utama.....	52
4. Pratelan Unit Dhata Utama.....	54
B. Pangrembagipun.....	56
C. Rangkuman.....	77
BAB V. PANUTUP	79
A. Dudutan	79
B. Implikasi	80
C. Pamrayogi	81
DHAPTAR KAPUSTAKAN	82
LAMPIRAN.....	84

DHAPTAR GAMBAR

1. Gambar Skema Raganganing Pamikir.....	29
2. Gambar Skema 7 Langkah Penyediaan Dhata.....	40
3. Gamabar Skema 5 Langkah Analisis Dhata.....	46

DHAPTAR LAMPIRAN

1. Silabus.....	84
2. Rencana Pelaksanaan Pembelajaran	88
3. Tekstualisasi Monokolom.....	92
4. Tekstualisasi Multikolom.....	101
5. Kasil Wawancara.....	123
6. Dhaptar Siswa.....	130
7. Lembar Kerja	131
8. Pakaryan Siswa.....	148
9. Foto-Foto Pasinaon.....	149
10. Surat Keterangan Ijin Panaliten.....	151

SARIPATHI

Suwarman. 2016 PASINAON CARIYOS WAYANG (Studi Kasus ing Kelas V SDN Sodong 01, Kecamatan Wonotunggal, Kabupaten Batang, Semester 2 Taun Piwulangan 2012/2013). Program Studi pendidikan Bahasa , Program Pascasarjana , Universitas Widya Dharma Klaten.

Ing panaliten punika rumusaning prakawis inggih punika 1) Kados pundi pasinaon cariyos wayang ing kelas V semester 2 SD Negeri Sodong 01 Kecamatan Wonotunggal Kabupaten Batang Taun Piwulangan 2012/2013?, 2) Punapa kemawon ingkang dados prakawis salebeting pasinaon cariyos wayang siswa kelas V semester 2 SD Negeri Sodong 01 Kecamatan Wonotunggal Kabupaten Batang Taun Piwulangan 2012/2013? Kalaksanan nalika panaliten.

Teori-teori ingkang dipunginakaken salebeting panaliten Pasinaon Cariyos wayang (Studi Kasus ing Kelas V SDN Sodong 01, Kecamatan Wonotunggal, Kabupaten Batang) inggih punika pasinaon , motivasi ing pasinaon, media pasinaon, kaprigelan maos lan evaluasi.

Panaliten punika ngangge studi kasus ing laladan SDN Sodong 01. Nginginakaken 7 langkah pangempala dhata utama dening Sudaryanto, inggih punika dipun-*observasi*, dipun-*tekstualisasi*aken, dipun-*multikolom*aken, dipun-*segmentasi*aken, dipun-*tematisasi*aken, dipun-*proposionalisasi*aken lan dipun-*reduksi*kaken. Lan ugi 5 langkah nganalisis dhata utama inggih punika dipun-*nurai*, dipun-*ulas* dipun-*rangkum*, dipun-*rekomendasi* lan dipun-*prediksi*.

Kasil saking panaliten saged dipunrangkum inggih punika (a) kagiyatan piwulangan ingkang dipunlampahi dwija langsung ing intisaripun boten wonten kagiyatan apersepsi, dudutan lan nyaosaken ancas sarta kirang mahami materi; (b) siswa gladen ing lembar kerja, nanging saperangan siswa ingkang aktif; (c) materi ingkang dipunsajiaken kirang rinci; (d) metodhe ceramah lan panugasan kirang maksimal; (e) media satunggal wayang; (f) boten wonten evaluasi.

Adhedhasar kasil analisis ing nginggil saged kadudut bilih dwija salebeting nglaksanakaken kagiyatan pasinaon mirengaken cariyos wayang kasilipun dereng maksimal, amargi setunggal, taksih kathah kagiyatan pasinaon ingkang pranipun dereng jumbuhaken kasil pasinaon ingkang dereng kasampaikaken, inggih punika kagiyatan apersepsi, motivasi lan nyampaikaken ancas pasinaon. Kaping kalih, siswa mirengaken pangocapan dwija lan siswa kirang saged gadahi ide. Kaping tiga materi pasinaon taksih sekedhik. Kaping sekawan, metode ingkang dipun ginakaken taksih kirang. Kaping gangsal, medianipun taksih winates keranten namung setunggal wayang. Panyebabipun pasinaon kasebat inggih punika setunggal, kirang persipan lan kirang ngusai materi pasinaon ngrungokake cariyos wayang dening guru. Kaping kalih, kirangipun motivasi salebeting piyambakipun siswa nalika nderek kagiyatan pasinaon. Kaping tiga, kirang dipunbahas materi mirengaken cariyos wayang kanthi terinci amargi kawinetesipun buku sumber. Kaping sekawan, kirangipun panerapan langkah-langkah metode ceramah lan panugasan. Kaping enem, kawinetesipun sarana lan prasarana ingkang saged nyengkuyung kagiyatan pasinaon.

Tembung Wos: pasinaon, cariyos, wayang

ABSTRAK

Suwarman. 2016 PASINAON CARIYOS WAYANG (Studi Kasus ing Kelas V SDN Sodong 01, Kecamatan Wonotunggal, Kabupaten Batang, Semester 2 Taun Piwulangan 2012/2013). Program Studi pendidikan Bahasa , Proqram Pascasarjana , Universitas Widya Dharma Klaten.

Pada Penelitian dirumuskan masalah sebagai berikut: 1) Kados pundi pasinaon cariyos wayang ing kelas V semester 2 SD Negeri Sodong 01 Kecamatan Wonotunggal Kabupaten Batang Taun Piwulangan 2012/2013?, 2) Punapa kemawon ingkang dados prekawis salebeting pasinaon cariyos wayang siswa kelas V semester 2 SD Negeri Sodong 01 Kecamatan Wonotunggal Kabupaten Batang Taun Piwulangan 2012/2013? Dilaksanakan sebagai mana ketika penelitian.

Pada penelitian ini, teori yang digunakan adalah teori tentang pembelajaran, motivasi dalam pembelajaran, teori tentang mendengarkan cerita, penggunaan media pengajaran, keterampilan mengajar, dan evaluasi.

Penelitian ini merupakan studi kasus, dengan lokasi di SD Negeri Sodong 01. Menggunakan tujuh langkah pengumpulan data utama Sudaryanto, yaitu: diobservasi, ditekstualisasi, dimultikolomkan, disegmentasi, ditematisasi, diproposionalisasi, direduksi. Dan lima langkah menganalisis data utama yaitu: diurai, diluas, dirangkum, disimpulkan, direkomendasi dan diprediksi.

Hasil penelitian dapat dirangkum sebagai berikut: (a) kegiatan pembelajaran yang dilakukan oleh guru langsung pada inti materi tanpa ada kegiatan apersepsi, memotivasi dan penyampaian tujuan serta kurang di kuasanya materi; (b) siswa mengerjakan lembar kerja, namun hanya sebagian yang terlibat aktif; (c) materi yang disajikan kurang terinci; (d) metode ceramah dan penugasan kurang maksimal; (e) media hanya satu wayang; (f) tanpa ada evaluasi

Berdasarkan hasil analisis terangkum di atas dapat disimpulkan bahwa, guru dalam melaksanakan kegiatan pembelajaran mendengarkan cerita wayang belum berhasil karena: pertama, masih banyak kegiatan pembelajaran yang berperan dalam meningkatkan hasil belajar belum disampaikan yaitu kegiatan apersepsi, memotivasi, dan penyampaian tujuan pembelajaran. Kedua, siswa hanya mendengarkan ucapan guru dan hanya sedikit memiliki inisiatif mengeluarkan gagasan. Ketiga, materi pelajaran yang disajikan sangat dangkal. Keempat, metode yang digunakan kurang maksimal. Dan kelima, media yang digunakan sangat terbatas karena hanya satu wayang. Penyebab pembelajaran seperti tersebut adalah: pertama, kurangnya persiapan dan kurang dikuasanya materi pembelajaran mendengarkan cerita wayang berdasarkan gambar oleh guru. Kedua, kurangnya motivasi dalam diri siswa ketika mengikuti kegiatan pembelajaran. Ketiga, kurang dibahasnya materi mendengarkan cerita wayang secara terinci karena keterbatasan buku sumber. Keempat, kurangnya penerapan langkah-langkah metode ceramah dan penugasan; dan keenam, keterbatasan sarana dan prasarana yang dapat mendukung kegiatan pembelajaran.

Kata kunci: pasinaon, cariyos, wayang

ABSTRACT

Suwarman. 2016 PASINAON CARIYOS WAYANG (Studi Kasus ing Kelas V SDN Sodong 01, Kecamatan Wonotunggal, Kabupaten Batang, Semester 2 Taun Piwulangan 2012/2013). Program Studi pendidikan Bahasa , Progaram Pascasarjana , Universitas Widya Dharma Klaten.

BAB 1

PURWAKA

A. Lelarahaning Prakawis

Wonten ing jaman tehnologi kabar ingkang langkung canggih kathah owah-owahan ingkang dumadi wonten ing bebrayan. Satunggaling wonten ing aspek budhaya dhaerah ingkang mujudaken cikal bakal ashet budhaya nasional. Sampun kathah tuladha budhaya dhaerah ingkang ngginakaken piranti moderen kangge nyengkuyung kamisuwaranipun.

Ingkang dados prakawisipun, wonten pundi lan ngantos pundi kamisuwaran budhaya-budhaya wau, kasunyatan menawi budhaya lokal punika panci maringi sengkuyungan ingkang langkung tumrap kawentar budhaya nasional lan aruming bangsa Indonesia. Awit saking kabudhayaan lokal wigati sanget dipunlestantunaken ugi dipungatosaken lan sedaya wau jejibahanipun kawula mudha mliginipun kangge para siswa.

Satunggaling karya seni, wayang dereng cetha asal-muasalipun. Ingkang panci, ngrumbakaning wayang ing nagari Indonesia punika sampun nglampahi sejarah ingkang panjang, wiwit jaman *prasejarah*, jaman Hindu kuno, jaman temekaning Agama Islam, jaman *perjuangan* lan samenika jaman mardika. (Koentjaraningrat, 1994:288-299)

Wayang (ringgit) inggih punika satunggaling karya seni ingkang kathah simbol-simbol lan nilai-nilai filosofi babagan pagesangan manungsa. Wayang ngrupikaken karya seni ingkang nggambaraken aspek-aspek lan Prakawis-

Prakawis pagesangan manungsa, dados piyambakipun punapa anggota bebrayan agung. Wayang mboten dipuntepang dening bebrayan jawi kemawon, nanging kathah bebrayan Indonesia lan bebrayan ing nagari sanes ingkang sampun mangertosi. Kangge bebrayan jawi, makna wayang inggih punika salah satunggaling karya seni ingkang saged dipunagem kangge sumbering madosi nilai-nilai. Wayang lan seni dipun tontonaken saged dadosaken wadah nilai-nilai budhaya jawi ingkang ageng pangaribawanipun kangge bebrayan agung mliginipun, lan bebrayan sanes dhaerah kabudhayan jawi. Wayang ngandhut nilai-nilai kamanungsan ingkang universal lan saged njangkepi kebetahan bebrayan ing jamanipun. Prakawis-Prakawis ingkang dipunsajikaken ing cariyos nyangkut pagesangan manungsa piyambak saengga gampil dipunsrawungi lan dipunmangertosi (Suhardi, 1996:1-3)

Kangge warga bebrayan, seni wayang mujudaken ciri khas tradhisi ingkang adi luhung. Wayang wonten satunggaling panaliten nyebataken menawi kawiwitanipun saking tembung 'wayangan' ingkang ateges *bayangan* wonten ing serat Centhini, dipunpanggihi wontenipun bukti sejarah ingkang nyebataken menawi wayang wiwit wonten ing abad X nalika jaman Kediri. Panjenanganipun yasa wayang saking krongdhon lontar. Wujudipun nggambaraken roh leluhur lan dewa-dewa. Figur tokoh dipundamel saking relief ing candhi-candhi. Wiwit wekdal punika, pramila wayang lajeng ngrembaka lan danguning-dangu nglampahi owah-owahan. Owah-owahan punika saged saking gegambaripun paraga wayang, cemenge gamelan, niyaga ngantos dumugi alur cariyosipun. Jinising wayang ingkang dipunmangertosi warga bebrayan inggih punika wayang

kulit, wayang wong, wayang golek, wayang beber, uga wayang suket. Nanging panaliten badhe naliti babagan wayang golek, ugi nyebataken bilih wayang punika ingkang kawiwitan saking India (Mahabharata-Ramayana) lan sedhanten kalawau gadhah dhasar piyambak-piyambak. Seni wayang sansaya ngrembaka malih nalika kapercayan animisme lan dinamis mlebet ing tlatah jawi. Sanesipun minangka seni budhaya lan sarana syukur marang Gusti, wayang ing jaman wali mujudake sarana nyebarake agama Islam. Ing wektu semana salah sijining wali inggih punika Sunan Kalijaga ngupaya wiwit nyebaraken agama Islam ing tanah Jawi inggih punika wonten ing Kabupaten Demak. Salah sawijining cara inggih punika kanthi nggelar pentas wayang. Pramila mboten aneh menawi saperangan bebrayan gadhah penemu menawi tembung *Jimat Pustakajamus* utawi ‘serat cemeng seratannipun pethak’ pramila dipunwastani *Kalimasada* ingkang ateges ‘*kalimah syahadat*’. Kanjeng Sunan Kudus ngewahi wayang golek saking bahan kayu ngangge pola cariyos (lakon) wayang purwa lan gamelan slendro (kenong, gong, kendhang, kethuk, kecer, sarta rebab kanthi sengkalan wayang nir gumilang kisma) lan Kanjeng Sinuwun Kalijaga ngewahi topeng kadamel saking kajeng kanthi wiyar pasuryan ugi awujud methok kados pasuryan manungsa kanthi lakon wayang gedhog, ingkang dipunjangkepi jinis-jinising raksesa (Ranggasutrasna, 1992:153-161).

Wayang ing pawiyatan mliginipun SD Sodong 01 Kecamatan Wonotunggal lan sakindenging dipunanggep kasenian ingkang mujudaken kengkenan utawi pitedhah saking dewa. Bebrayan ngawontenaken pagelaran seni wayang minangka raos syukur marang Gusti Kang Murbeng Dumadi.

Limprahipun pagelaran seni wayang sesampunipun mangsa panen, sedekah desa/sedekah bumi, mantu, sunatan, mitoni, ngruwat/sukerta lan sapanunggalane. Tradhisi punika dipunwontenaken kanthi *turun-temurun*.

Sanajan kados mekaten, kasunyatan seni wayang taksih tebih saking manahipun generasi mudha langkung–langkung para siswa SD. Inggang samangka generasi mudha/para siswa wau ingkang badhe nglajengaken lakuning jaman, kalebet seni budhaya. Wayang satunggaling karya seni gadahi multi fungsi inggih punika kangge media piwulangan, media kabar lan media panglipur (tontonan), kanthi nonton pentas seni wayang manungsa bisa oleh tuntunan kanggo pitudhuh lan pedhoman urip ing ngalam donya. Wayang kangge media piwulangan keranten isinipun (cariyos ingkang dipun paragakaken dening paraga) langkung nyukani piwulang-piwulang babagan hakekat mijilipun manungsa, dados piyambak menapa anggota bebrayan agung.

Panaliti sampun nindhakaken panalitian dhateng sekolah-sekolah ing Gugus Sultan Agung Kecamatan Wonotunggal Kabupaten Batang rikala tanggal 12 Maret 2013 wonten ing SDN Kedungmalang, SDN Gringgingsari, SDN Sodong 02, SDN Silurah, MI Salafiyah Gringgingsari. Miturut guru-gurunipun ingkang utami kelas III-VI pasinaon basa jawi kirang narik kawigatosan siswa langkung-langkung maos cariyos wayang lan kasilipun mboten ngremenaken para siswa, saperangan taksih kathah siswa ingkang bijinipun kirang saking *Kreteria Ketuntasan Minimal (KKM)*.

Paraga-paraga/*tokoh-tokoh* wayang salebeting pasinaon para siswa kathah ingkaang dereng apal pramila dipunraosaken awrat lan para siswa mboten purun

sinau ngengingi cariyos wayang. Gladen para siswa maos cariyos wayang taksih kirang, gambar utawi seratan ing majalah dinding mboten wonten gegayutanipun kaliyan wayang, mirengaken carios wayang ing *TV*, *radio* utawi lelampahan wayang tarkadang dereng nate amargi cariyos wayang punika raos asing ing talingan. Para guru nalika mucal basa jawi cariyos wayang dereng sedaya jumbuh kaliyan kewasisanipun ananging kapeksa mucal kemawon, seserepan ngengingi cariyos wayang taksih kirang lan menawi manggihi materi ingkang awrat kalebaet cariyos wayang dipuntilar kemawon. Wonten guru ingkang mboten nguwasani materi, cara, pola saha pendekatan pasinaon ingkang dipunginakaken taksih tradhisional, methodenipun mboten *kreatif* lan *variatif* saengga mboten narik kawigatosan para siswa lan mboten greget sinaunipun.

Kasilipun pasinaon kedhah wonten panyengkuyungipun awujud buku-buku. Ing perpustakaan pawiyatan luhur ingkang dipunsurvai, ing papan mading mboten wonten cariyos utawi gambar wayang, buku-buku utawi waosan babagan basa jawi mliginipun cariyos wayang taksih kirang sanget. Siswa namung gadhah buku *LKS* tarkadang malah mboten gadhah, buku pegangan guru numung woten ssetunggal niku kemawon terbitan ingkang sampun lami.

Gubener Jawa Tengah netepaken lan ndawuhaken bilih piwulangan basa jawi ing pawiyatan luhur SD-SMA dipunwucalaken 2 jam piwulangan, wekdal ingkang dipuncawisaken kangge mata pelajaran 2 jam perminggunipun, bahan pasinaon ingkang dipun paringaken kathah mliginipun pasinaon cariyos wayang. Keranten winatesing wekdal supados sumadiya guru kedhah mantha-mantha

wekdalipun supados materi ingkang kaemot ing kurikulum saged dipunlampaahi laan kawucalaken.

Wonten pinten-pinten perkawis ingkang gegayutanipun kaliyan pasinaon cariyos wayang, mboten sedaya SD ingkang sampun kasurvai kasebat ing nginggil dipuntaliti pramila panaliti matesi namung ngawontenaken panaliten ing SD Negeri Sodong 01 lan kangge madosi sebab-musababipun kasiling pasinaon ingkang mboten optimal utawi mboten jumbuh kaliyan ingkang dipunidham-idhamaken. Menapa sebabipun kedhah dhateng SD Negeri Sodong 01 Kecamatan Wonotunggal Kabupaten Batang? Panaliti milih SDN Sodong 01 kanthi pinten-pinten tetimbangan antawisipun mekataen (1) jalaran sekolah punika majibaken pasinaon basa jawi 2 jam piwulangan saben minggu ingkang sampun dipunamanahaken dening gubener, (2) piwulangan basa jawi kalaksanan jumbuh kaliyan *Kompetensi Dasar, Standar Kompetensi, Rencana Pelaksanaan Pembelajaran, Silabus lan Kurikulum*, (3) SD Negeri Sodong 01 piwulangan basa jawi jumbuh kaliyan jadwalipun ugi wonten guru ingkang ijasahipun S1 jurusan Bahasa Jawa, (4) SD Negeri Sodong 01 punika wonten ing daerah pinggiran utawi *dataran tinggi* saengga siswanipun mboten asing miring lan mangertosi babagan basa jawi utaminupun wayang, (5) ing lingkungan bebrayan agung kathah ing ngawontenaken lelampahan wayang, (6) sekolah punika dereng nate kangge panaliten babagan pasinaon cariyos wayang.

SD Negeri Sodong 01 punika nggadhahi 6 rombongan belajar inggih punika saking kelas I ngantos kelasa VI kanthi cacahipun siswa 109 siswa, kanthi SD Negeri Sodong 01 punika masalah-masalah badhe dipunungkap lan

gegayutanipun kaliyan topik punika pramila panaliti milih kelas V ingkang badhe kataliti amargi mujudaken kelas ingkang mapan. Punapa mapan amargi kelas kasebat siswanipun sampun menep amargi badhe persiapan pinuju kelas VI inggih punika ngadepi ujian nasional, adapthasipun siswa sampun sae. Ingkang mucal kelas V ngendikaaken bilih *ulangan harian* mliginipun Kompetensi Dasar maos cariyos wayang kaslipun dereng ngremenaken amargi pinten-pinten perkawis, para siswa kathah ingkang dereng mangertosi wayang, saperangan ageng siswa kelas V salebeting pasinaon moas cariyos wayang dipunraosaken taksih kangelan lan awrat sanget.

Adhedasar saking jlentrehan wonten nginggil, wigati sanget dipunwontenaken panaliten supados mangertosi pasinaon cariyos wayang, babagan punika dipunlampahi kanthi ancas kangge ngawuningani cariyos wayang salebeting pawiyatan luhur.

Irah-irahan panaliten punika “ Pasinaon Cariyos Wayang (Studi Kasus ing Siswa Kelas V SDN Sodong 01 Kecamatan Wonotunggal Kabupaten Batang Semester 2 Taun Piwulangan 2012/2013)”.

B. Idhentifikasining Prakawis

Prakawis ingkang dipun andharaken ing nginggil saperlu dipunjltrehaken saha diputandhesaken. Adhedasar andharan punika saged dipunpratelakaken bilih ingkang dipuntaliti Prakawis-Prakawis ingkang wonten gandheng-cewengipun kaliyan pasinaon cariyos wayang inggih punika:

1. Minatipun maos basa jawi para siswa taksih kirang.
2. Kirangipun lomba-lomba babagan basa jawi.

3. Pasinaon basa jawi mliginipun babagan pasinaon cariyos wayang kirang ngremenaken tumraping siswa.

4. Saperangan ageng para siswa mboten mangertosi cariyos wayang.

5. Dereng sedaya guru kelas nalika mucal basa jawi wasis lan jumbuh kaliyan ayahanipun.

6. *Cara/methode, pola, saha pendekatan* pasinaon ingkang dipunginakaken guru dereng ngremenaken para siswa.

7. Sarana penyengkuyung lampahipun basa jawi kados buku pegangan guru, buku ing perpustakaan kirang sanget menapa kemalih babagan cariyos wayang.

8. Kirangipun media, wekdal ingkang dipuncawisaken kangge materi basa jawi inggih punika 2 jam perminggu kamangka materinipun kathah.

9. Materi basa jawi kalebet materi ingkang mboten diderekkaken ujian nasional.

10. Panyengkuyung saking tiyang sepuh tumraping siswa ing piwulangan basa jawi taksih kirang.

11. Kirangipun diklatbasa jawi ing laladan Kabupaten Batang kangge ngindhaaken seserepan basa jawi.

C. Wewatesaning Prakawis

Panaliten mboten badhe ngandaraken sedaya prakawis ingkang sampun dipunidhidentifikasi lan panaliten mboten saged punjer lan analisis mboten kanthi lebet, awit saking punika perlu wonten wewatesanipun prakawis.

Wonten 11 (sewelas) prakawis, prakawis-prakawis punika mboten sedaya dipuntaliti. Panaliti milih nomer tiga inggih punika pasinaon cariyos wayang kanthi tetimbangan sakmenika sampun awis-awis cariyos wayang saha para putra kathah ingkang mboten mangertosi cariyos wayang, nglestatunaken wayang sami kaliyan nglestatunaken budhaya dhaerah mliginipun dhaerah jawa tengah. Cariyos wayang ngemot bebudhen ingkang luhur amargi kedhahipun dipunmagertosi para mudha pramila saenipun menawi siswa/mudha saged nyinau buku-buku basa jawi mliginipun cariyos wayang samangke saged remen kaliyan wayang.

Ing panaliten punika panaliten dipunwatesi lampahing pasinaon cariyos wayang ing kelas V semester 2 SD Negeri Sodong 01 Kecamatan Wonotunggal Kabupaten Batang Taun Piwulanagan 2012/2013.

D. Rumusaning Prakawis

Adhedhasar wewatasaning prakawis pramila panaliti perlu ngawontenken panaliten kanthi rumusaning prakawis inggih punika:

1. Kados pundi pasinaon cariyos wayang ing kelas V semester 2 SD Negeri Sodong 01 Kecamatan Wonotunggal Kabupaten Batang Taun Piwulangan 2012/2013?

2. Punapa kemawon ingkang dados sebab-sebabipun dene katindakaken kadosdene nalika panaliten kalaksanaken ing SD Negeri Sodong 01 Kecamatan Wonotunggal Kabupaten Batang Taun Piwulangan 2012/2013?

E. Ancasing Panaliten

Ancasing panaliten kangge ngrampungaken prakawis saengga kasalipun jumbuh kaliyan ingkang dipun idham-idhamaken. Supados arahipun panaliten

cetha, runtut, pramila perlu dipunaturaken ancas kanthi cetha. Adhedhasar rumusaning prakawis panaliten anggadhahi ancas inggih punika:

1. Nyumerepi kados pundi pasinaon cariyos wayang ing kelas V semester 2 SD Negeri Sodong 01 Kecamatan Wonotunggal Kabupaten Batang Taun Piwulanagan 2012/2013.

2. Nyumerepi sebab-sebabipun dene pasinaon cariyos wayang katindakaken kadosdene nalika panaliten kalaksanaken ing SD Negeri Sodong 01 Kecamatan Wonotunggal Kabupaten Batang Taun Piwulanagan 2012/2013.

F. Mumpangating Panaliten

1. Mumpangating tumrap Dwija

Guru saged mewahi kawruh lan seserepan cariyos wayang ugi nindhaaken pasinaon ing wekdal selajengipun kanthi langkung sae lan menawi mrangguli prakawis saged ngleresaken anggenipun ngayahi tugas lan kewajibanipun salebeting pasinaon.

2. Mumpangating tumrap Sekolah

Tumrapping sekolah panaliten dipunajib sageda dipunginakaken kangge ngrembakakaken pasinaon basa jawi ingkang langkung sae ing Sekolah Dasar.

3. Mumpangating tumrap Panaliti

Kasil panaliten badhe dipundadosaken bahan panyeratan tesis salebeting nglampahi studi Pascasarjana ing Universitas Widya Dharma Klaten.

BAB V

PANUTUP

A. Dudutan

Adhedhasar kasilipun pirembagan saged angsal dudutan bilih kagiyatan piwulangan mirengaken cariyos wayang Werkudara ing kelas V SD Negeri Sodong 01 Kecamatan Wonotunggal Kabupaten Batang Semester II Tahun Pelajaran 2012/2013, inggih punika:

1. Dwija salebeting pasinaon saged dipunwastani sae, keranten dwija sampun ngaturaken piwulangan kanthi cara sistematis lan ugi mikir ing ancas pasinaon saking nglampahi kagiyatan piwulangan ngliputi kagiyatan awal, inti lan akhir.
2. Siswa salebeting pasinaon, salahsatunggaling utawi saperangan siswa katingal mboten mirengaken nalika guru nyukani piwulangan keranten piwulangan mboten nyumurupi kawigatosanipun siswa.
3. Materi ingkang dipunwucalaken kirang jelas keranten siswa mboten tepang kaliyan materi salebeting pasinaon
4. Metode piwulangan dipunsajiaken ngangge metode ceramah lan penugasan kirang maksimal amargi dwija ngginakaken ukara igkang kirang trep. Media ingkang dipunginakaken dwija dereng kreatif amargi gambar namung setunggal.
5. Evaluasi (kasil) biji samun saged kawastaani sae amargi siswa kaathah ingkang bijinipun sakinggilipun KKM.

Lumantar dhata ing nginggil, kanthi cariyos wayang saged dipunangge ngudi indhaking seserepan wayang wacucal tumrap pasinaon cariyos wayang ing

kelas V semester 2 SD Negeri Sodong 01 Kecamatan Wonotunggal Kabupaten Batang Taun Piwulanagan 2012/2013. Tanggapan kelas V semester 2 SD Negeri Sodong 01 Kecamatan Wonotunggal Kabupaten Batang Taun Piwulanagan 2012/2013 nedahaken tuwuh greget lan remen nyinau bab cariyos wayang wacucal.

B. Implikasi

Dudutan ingkang sampun kaserat kasebut nggadahi pinten-pinten implikasi kaliyan kagiyatan mengoptimalkan kualitas piwulangan mirengaken cariyos wayang Werkudara. Implikasi kasebat inggih punika:

1. Piwulangan mirengaken cariyos wayang Werkudara nglibataken aspek mirengaken, micara, maos lan nyerat. Aspek mirengaken inggih punika siswa mirengaken cariyos dwija salajengipun siswa mirengaken cariyos wayang Werkudara. Aspek nyerat inggih punika siswa nyerat tugas ing kerja kelompok ing lembar kerja.
2. Kagiyatan ceramah mupangatipun kangge jelasaken satunggaling konsep utawi pangertosan-pangertosan ingkang gayut kaliyan materi piwulangan materi mirengaken cariyos wayang Werkudara. Kanthi ceramah, saged nyampaikaken babagan ingkang awerat salebeting materi.
3. Metode ingkang dipunginakaken kangge jlentrehaken pangertosan lan njelasaken cariyos wayang ngange metode ceramah kangge gladen siswa nyerat cariyos wayang kangge metode penugasan.

4. Silabus dipun susun dwija ing sekolah kanthi pedoman saking silabus ingkang disusun dening BNSP, salajengipun dipunngrembakakaken dados RPP ingkang dipundadosaken pedoman kangge piwulangan.
5. Supados siswa saged nyinoni ugi mangertosi cariyos wayang kanthi metode ingkang trep inggih punika kanthi metode ceramah, tanya jawab, dan gladen.

C. Pamrayogi

1. Dwija kedahipun maringi bimbingan nalika siswa diskusi babagan cariyos wayang.
2. Dwija kedahipun ngawontenaken diskusi ing antawisipun saben-saben pepanthan kangge mimbui kesagedan siswa mahami cariyos wayang wacucal.
3. Dwija saenipun lajeng paring *pembahasan* lan panandhes ngengingi asil pirembagan saben-saben pepanthan.

DHAFTAR PUSTAKA

- Arikunto, Suharsini. 1997. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktek*. Jakarta: PT Rineka Cipta.
- Arikunto, S & Jabar. 2004. *Evaluasi Program Pendidikan*, Jakarta: Bumi Aksara
- Arsamid. Arief Mattalitti. M.Sikki. Sande. 1986. *Struktur Sastra Lisan Tolaki*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.
- Aunurrahman. 2010. *Belajar dan Pembelajaran*. Bandung: Alfabeta
- Ciptoprawiro, Abdulah. 1986. *Filsafat Jawa*. Semarang: Media Wisata
- Darusuprpto, 1996. *Pedoman Penulisan aksara Jawa*, Yogyakarta: Yayasan Pustaka Nusatama.
- Dimiyati lan Mudjiono. 2009. *Belajar dan Pembelajaran*. Jakarta: Rineka Cipta
- Djadjasudarma, Fatimah. 1993. *Metode Linguistik Ancangan Metode Penelitian dan Kajian*. Bandung: PT Eresco Bandung.
- Djamarah, Syaiful Bahri & Aswan Zain. 2006. *Strategi Belajar Mengajar*. Banjarmasin: Rineka Cipta.
- Endraswara, Suwardi, 2009. *30 Metode Pembelajaran Bahasa dan Sastra Jawa*. Yogyakarta: Kuntul Press
- Gubenu, 2010. *Kurikulum Mata Pelajaran Muatan Lokal (Bahasa Jawa Untuk Jenjang SD/SDLB/MI dan SMP/SMPLB/MTs Negeri dan Swasta Provinsi Jawa Tengah)*, Semarang: Dinas Pendidikan.
- Iskandarwassid & Surendar. 2009. *Strategi Pembelajaran Bahasa*. Jakarta. Penerbit Rosda.
- Ismawati, Esti. 2009. *Perencanaan Pengajaran*. Yogyakarta: Cawanmas.
- Ismunandar, K, RM. 1994. *Wayang (asal-usul dan jenisnya)*. Semarang: Dahara Prize.
- Imron, Ali. 1996. *Belajar dan Pembelajaran*. Jakarta: PT Dunia Pustaka Jaya.
- Koentjaraningrat. 1982. *Kebudayaan Jawa*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Keraf Gorys. 2008. *Diksi dan Gaya Bahasa*. Jakarta: PT Gramedia.

- Margana, 1995. *Marsudi Basa Jawi*, Surakarta: CV Handayani.
- Moleong, Lexy J. 2010. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya.
- Mulyasa, E. 2009. *Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan*. Bandung. PT Remaja Rosda Karya.
- Rachman, Maman. 1993. *Strategi dan Langkah –Langkah Penelitian Pendidikan*. Semarang: IKIP Semarang Press.
- Ranggasutrasna, Ngabei. Sunan Pakubuwana V. KGPA Anom Amengkunegara III. 1992. *Centhini Tambanraras-Amongraga Jilid 2*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Sena Wangi. 1983. *Pathokan Pedhalangan Gagrag Banyumas*. Jakarta: PN Balai Pustaka.
- Sudaryanto. 2012. *Tujuh Langkah Pengumpulan Data dan Lima Langkah Analisis Data*. Klaten. Universitas Widya Dharma.
- Sudaryat, Yayat. 2008. *Makna dalam Wacana*. Bandung: CV Yrama Widya.
- Sudi Yatmana, Rama. 2007. *Penuntun Berbahasa Jawa Tepat Baik Dan Benar*. Semarang: Adibawa Semesta.
- Suhardi lan Subagyo Wisnu. 1996. *Arti dan Makna Tokoh Pewayangan Ramayana dalam Pembentukan dan Pembinaan Watak (Seri II)*. Jakarta: CV Putra Sejati Raya.
- Sujamto. 1992. *Wayang & Budaya Jawa*. Semarang: Dahara Prize.
- Trianingsih. 2009. *Diksi Pilihan Kata*. Jakarta: Intan Pariwara.
- Yin.Robert K. 2002. *Studi Kasus Desain Metode* diterjemahkan dening M. Djauzi Mudzakir. Jakarta:PT Raja Grafindo Persada.